

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Jawa Barat mangrupa salah sahiji daerah di Indonesia nu leubeut ku hasil-hasil kabudayaan, hususna anu aya di tataran budaya Sunda. Manusa dina hirup sapopoé teu bisa leupas tina kabudayaan, sabab manusa anu nyiptakeun jeung ngagunakeun kabudayaan éta sorangan. Manusa bisa hirup ku sabab ayana kabudayaan, jeung kabudayaan bakal terus hirup lamun manusa bisa ngamumule kabudayaanana. Ku kituna, manusa jeung kabudayaan moal bisa dipisahkeun.

E.B Tylor dina Harsojo (1998 : 6) netelakeun pamadegan kabudayaan, nya éta:

“Kebudayaan adalah salah satu kesatuan yang kompleks, yang di dalamnya terkandung pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hukum, adat istiadat dan berbagai kemampuan lain serta kebiasaan yang didapat oleh manusia sebagai anggota satu masyarakat”.

Pamadegan di luhur nétélakeun yén kabudayaan mangrupa hiji kabiasaan masarakat anu mangrupa hiji adat istiadat nu kudu dilakukan sacara turun tumurun. Kabudayaan éta ngawengku pangaweruh, kapercayaan, moral, hukum, adat istiadat, nilai-nilai, jeung norma kahirupan. Sakabéhna diwangun luyu jeung pangabutuh masarakat anu ahirna jadi adat istiadat. Adat istiadat diwujudkeun

dina wangun upacara tradisional.

Tradisi hiji masarakat anu salila ieu masih dikukuhkan ayana anu kapanggaruhan ku animisme jeung dinamisme ti jaman bihari nepi ka kiwari saperti upacara salametan, sunatan, kawinan jeung sajabana. Ieu tradisi masih dilakonan jeung dimumulé ku masarakat Sunda. Hal ieu saluyu jeung kamekaran peradaban Indonesia ti jaman ka jaman, yén saméméh sumebarna agama-agama nu ayeuna diaku ku nagara Indonesia, masarakat Sunda masih kénéh ngagem paham-paham atawa kapercayaan saperti animisme jeung dinamisme (Ipan, 2006: 3)

Kabiasaan-kabiasaan anu napak kana konsép kapercayaan dina mangsa bihari anu kiwari masih kénéh dipilampah bakal katitén dina upacara tradisional. Upacara tradisional mangrupa salah sahiji wujud kabudayaan anu patali jeung kapercayaan. Kapercayaan urang Sunda bihari masih kacampuran ku sistem animisme jeung dinamisme Hindu-Buddha sarta agama Islam. Ieu hal, bisa katiten tina sistem kapercayaan, ritual ibadah, jeung upacara kaagamaan.

Suganda (1982) anu terjemahan Maesyaroh ngadéskripsikeun adat istiadat urang Sunda, nya éta:

1. adat orang bersalin;
2. adat bersunat;
3. adat perkawinan;
4. adat kematian;
5. upacara memuliakan bulan; jeung

6. adat bertanam padi.

Dina adat-istiadat anu sakumaha diébréhkeun di luhur tangtuna waé aya upacara-upacara tradisional. Upacara tradisional mibanda tujuan pikeun ngahontal kasalametan jeung kani'matan anu ngaliwatan kana dirina sorangan, masarakat sabudeureunana, alam, jeung kakawasaan nu ngaraksa kahirupan sakumna.

Upacara tradisional biasana raket patalina jeung kajadian anu dianggap luar biasa jeung mibanda ajén-inajén dina kahirupanana saperti dina acara tujuh bulanan, ngalahirkeun, nyunatan, kawinan jeung sajabana. Biasana, upacara tradisional kitu téh sifatna sakral sabab sok dibarengan ku kaagamaan.

Lumangsungna upacara tradisi téh dina enas-enasna mah dikasang tukanganku ayana kapercayaan jeung kayakinan yén di alam dunya ieu aya kakuatan supranatural. Upacara réligi sacara universal miboga fungsi minangka aktivitas anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun sumanget kahirupan sosial jeung papada warga masarakat (Van Gennep, dina Maésyaroh, 2004: 2).

Tradisi kawinan leubeut pisan ku ajén inajén, simbol-simbol anu kudu disurahan jeung adat tata kalakuan karuhun urang Sunda anu dijadikeun papagon hirup masarakatna. Dina prak-prakan tradisi kawinan di désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung aya sababaraha hal anu geus mimiti dibasajankeun, tapi henteu ngaleungitkeun tradisi karuhun. Hal ieu lantaran ku ayana kamajuan jaman anu geus mimiti mangaruhan kahirupan masarakat.

Sarua jeung daerah Sunda sejenna tradisi kawinan téh sok ngaliwatan sababaraha tahapan. Tahapan-tahapan éta dina wangu upacara, di antarana:

1. neundeun omong;
2. ngalamar;
3. upacara ngeuyeuk seureuh;
4. seserahan;
5. upacara akad nikah;
6. upacara sungkem;
7. upacara sawér;
8. upacara nincak endog;
9. upacara buka pintu; jeung
10. upacara huap lingkung.

Tangtuna waé dina sababaraha tahapan upacara di luhur miboga simbol jeung ma'na.

Dina enas-enasna kabudayaan téh miboga unsur-unsur nu universal. Numutkeun Koentjaraningrat (1990 : 203-204) unsur-unsur kabudayaan téh ngawengku :

(1) sistem réligi, (2) sistem organisasi kamasarakatan, (3) sistem pangaweruh, (4) basa, (5) sistem kasenian, (6) sistem pakasaban, (7) sistem pakakas jeung téknologi. Dina tradisi kawinan mibanda sabagian unsur budaya saperti nu kasebut di luhur.

Teu saeutik warga masarakat anu teu weruh kana simbol jeung ma'na nu nyampak dina tradisi kawinan. Lamun dilenyepan mah dina tradisi kawinan téh loba pisan ajén inajén anu hayang ditepikeun. Simbol jeung ma'na nu nyampak

dina tradisi kawinan téh kudu dipaluruh. Tah, hal-hal éta pisan anu ngahudang nu nulis ngayakeun panalungtikan pikeun ngaguar simbol jeung ma'na nu nyampak dina tradisi kawinan, jeung di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah can kungsi aya nu ngaguar ngeunaan simbol jeung ma'na dina tradisi kawinan. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Simbol jeung Ma'na nu Nyampak Dina Tradisi Kawinan Di Desa Cigugur Girang Kecamatan Parongpong Kabupaten Bandung” perlu dilaksanakeun.

1.2. Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing ambahanana ieu panalungtikan diwatesanan nya éta nalungtik ngeunaan tradisi kawinan anu ngawengku:

1. Prak-prakan tradisi kawinan ti mimiti upacara ngalamar nepi ka upacara huap lingkung di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung; jeung
2. Simbol jeung ma'na nu nyampak dina tradisi kawinan ti mimiti upacara ngalamar nepi ka upacara huap lingkung di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung.

1.3. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, ieu masalah téh dipertélakeun dina wangu patalékan, nya éta:

1. Kumaha prak-prakan tradisi kawinan ti mimiti upacara ngalamar nepi ka upacara huap lingkung di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung?
2. Simbol jeung ma'na naon waé nu nyampak dina tradisi kawinan ti mimiti upacara ngalamar nepi ka upacara huap lingkung di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung?

1.4.Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang, watesan katut rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

1. Prak-prakan tradisi kawinan ti mimiti upacara ngalamar nepi ka upacara huap lingkung di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung; jeung
2. Simbol jeung ma'na nu nyampak dina tradisi kawinan ti mimiti upacara ngalamar nepi ka upacara huap lingkung di Désa Cigugur Girang, Kacamatan Parongpong, Kabupatén Bandung.

1.5.Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan di antarana:

1. Pikeun ngeuyeuban wawasan, pangalaman, pangaweruh ngeunaan tradisi kawinan;

2. Pikeun ngeuyeuban khasanah pangaweruh salaku informasi sacara teu langsung ngeunaan tradisi kawanin;
3. Pikeun dokumentasi jeung informasi ngeunaan kajembaran tradisi-tradisi nu aya di tatar Sunda; jeung
4. Pikeun bahan pangajaran kajian budaya Sunda.

1.6.Anggapan Dasar

- Sababaraha hal anu dijadikeun anggapan dasar dina ieu panalungtikan, nya éta
1. Tatar Sunda salah sahiji daerah nu leubeut ku kabudayaan.
 2. Tradisi kawanin mangrupa wujud budaya masarakat.
 3. Tradisi kawanin leubeut ku simbol jeung ma'na nu kudu diguar jeung disurahan.

1.7.Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan leuwih babari ngalaksanakeunana, harti istilah-istilah nu patali jeung panalungtikan baris dihartikeun, di antarana:

1. Simbol nya éta tanda atawa lambang nu dipaké ku kelompok masarakat dumasar kana perjanjian, sarta pikeun nyangkemna kudu diulik. Simbol nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa pakakas atawa kalengkepan upacara;
2. Ma'na nya éta patalina antara wangun (tanda) nu mangrupa lambang sora omongan jeung hal atawa barang nu dimaksudna;

3. Tradisi nya éta kabiasaan nu turun tumurun ti karuhun saperti nyawér, buka pintu jeung sajabana; jeung
4. Kawinan nya eta hirup babarengan beurang peuting antara saurang awéwé jeung saurang lalaki sanggeus disatujuan ku indung bapana jeung disahkeun ku panghulu.

